ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№96 (23.910) ● 2019 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 14, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Правительствэм и унафэщIхэм дэщIыгъуу КIуэкIуэ Казбек топсэлъыхь щIыналъэм и санаторэ-курорт, турист комплексым



**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Правительствэм и унафэщIхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ щIыналъэм и санаторэ-курорт, турист комплексым къиихь хъерым хэгъэхъуэным теухуауэ.**

ЗЫУЖЬЫНЫГЪЭ гуэрхэр щыIэ пэтми, зэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, отраслым щыщцыIэ щытыкIэмрэ унафэ тещIыхьыкIэмрэ зэхъуэкIыныгъэ куухэр хуейщ.

«Налшык Курорт» предприятэ пашэм хыхьэ IуэхущIапIэ зыбжанэр иджыпсту къагъэув мардэхэм къезэгъыркъым, абыхэм яIэ Iэмалхэр нэсу къагъэсэбэпыркъым, щIыналъэм зегъэужьынымкIэ зыуэ щыт бгъэдыхьэкIэ щыIэкъым.

ФIагъ лъагэ зиIэ турист, санаторэ-курорт кластер къызэгъэпэща хъун папщIэ материально-техникэ лъабжьэр къэгъэщIэрэщIэжыпхъэщ, къэрал-щхьэзакъуэ зэдэлэжьэныгъэм и программэм тету инфраструктурэм и нобэрей объектхэр ухуэнымкIэ проекткхэмрэ программэхэмрэ гъэзэщIэным хуэунэтIауэ.

ХуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэпщытэныр, республикэр турист рынокым щыгъэкIуэтэныр, эко-, агротуризмэм и унэтIыныгъэщIэхэм зегъэужьыныр зэман гъунэгъум япэ игъэщыпхъэщ.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, абы и лэжьыгъэр зыунэтI вице-премьерхэм пщэрылъ щащIащ санаторэ-курорт секторым хыхьэ предприятэ пашэхэм я финанс Iуэхухэр зэфIэгъэувэжыным, ахъшэ къыхэзылъхьэнухэр къызэрыдахьэхыным, щыIэ планхэмрэ проектхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжауэ ахэр гъэзэщIа хъун папщIэ мылъку щхьэхуэ кърашэлIэфыным ехьэлIа жэрдэмхэр ягъэхьэзыру къыхалъхьэну.

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Сом мелуан 200 хуаутIыпщ

**«Россети Северный Кавказ» электросеть компанием мы илъэсыр иухыхукIэ сом мелуанитIым нэблагъэ тригъэкIуэдэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм и нэIэм щыщIэт электрокъаруур зэпIэзэрыту щаIэрыхьэн папщIэ яубзыхуа зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм.**

«РОССЕТИ Северный Кавказ» компанием и къудамэу щыт «Къэббалъкъэнерго»-м и IэщIагъэлIхэм иджыпстукIэ зэфIагъэкIащ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм къриубыдэу щIыпIэр электрокъарукIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ яубзыхуа лэжьыгъэхэм я процент 60-р.

Мы гъэр къызэрихьэрэ проценти 5-кIэ щIрагъэгъуащ вольт лъагэ зэрыкIуэ линэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ я мурадахэм. Мазиблым къриубыдэу яхъуэжащ изолятор 3.820-рэ, кIапсэ километр 250-м щIигъу, никъусаныгъэ зиIэ пкъо 1000-м щIигъу. Жыгдэжхэм къыIэщIагъэкIащ электрокъарухэр зрикIуэу яхъумэ щIыпIэу гектар 30, ахэр къатеуэу кIапсэхэр зэпимыудын папщIэ.

Гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Iэмэпсымэхэр лъэныкъуэ псомкIи къэпщытэныр: IэщIагъэлIхэм ирагъэкIуэкI тепловизионнэ кIэлъыплъыныгъэхэмрэ вольт лъагэ къэхутэныгъэхэмрэ, къызэрапщ трансформаторхэмрэ коммутационннэ Iэмэпсымэхэмрэ. «Тепловизионнэ кIэлъыплъыныгъэхэм Iэмал къыдат уеплъ къудейкIэ къыпхуэмыхутэну никъусаныгъэхэр къыщIэдгъэщыну. Ахэр энергетикхэм дэIэпыкъуэгъу яхуохъу Iэмэпсымэхэр увыIэгъуэ имыIэу ягъэлэжьэнымкIэ», - къыхигъэщащ «Къэббалъкъэнерго» къудамэм и унафэщI Къарэ Муртаз.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Ди зэпыщIэныгъэхэр



Министр КIурашын Андзор и псалъэ.

# Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ

**Ди гуапэ зэрыхъущи, йофIакIуэ хэкурысхэмрэ хамэ щIыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ дяку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр. Абы и щыхьэтщ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхуакIуэ къызэрыкIуэр.**



ТЫРКУМ, Израилым, Ставрополь крайм и Курской районым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Мэздэгу районым щыпсэу ныбжьыщIи 100-м нэсым тхьэмахуитIым щIигъукIэ зыщагъэпсэхуащ, я нэгу зыщрагъэужьащ Налшык щыIэ «Долинск» турбазэм (унафэщIыр Ацкъан Iэниуарщ).

Iуэху щхьэпэр къызэригъэпэщащ КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм. Абы и мурад нэхъыщхьэр ди лъэпкъэгъу сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэнырщ, я нэгу зегъэужьынырщ, лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм хэгъэгъуэзэнырщ, анэдэлъхубзэр щытепщэ адэжь щIыналъэм гу щегъэхуэнырщ. Апхуэдэу гъэбыда мэхъу нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиIэ пыщIэныгъэхэр.

Турбазэм зэрыщыпсэуа зэманым къриубыдэу ныбжьыщIэхэм ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхьащ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ зэхыхьэхэр къыхузэрагъэпэщащ, республикэм ис лъэпкъхэм я IуэрыIуатэм, тхыдэм хагъэгъуэзащ. Ахэр хэтащ Абхъазым и утым бэрэжьей пщыхьэщхьэхэм щрагъэкIуэкI адыгэ джэгум, Сэралъп Мадинэ и Арт-Центрым щыIащ, Iуащхьэмахуэ лъапэ, Гуэл ЩхъуантIэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм я нэгу зыщрагъэужьащ, къалэ паркым зыщагъэпсэхуащ, цIыху цIэрыIуэхэм яхуэзащ.

Апхуэдэ Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ, гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIауэ махуэхэр ирахьэкIащ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэм. Зэманыр къэсри, мэрем кIуам лагерыр зэхуащIыжащ, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту. Сабийхэм хузэхаша пшыхьым абыхэм къахуеблэгъат Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр КIурашын Андзор сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Ди ныбжьэгъу цIыкIухэ! Ди хьэщIэ лъапIэхэ! Хуабжьу ди гуапэщ фэ адэжь щIыналъэм фыкъакIуэу абы фи лъэр зэрыщытевгъэувар, - къыхигъэщащ ХьэфIыцIэм и къэпсэлъэныгъэм. - ТхьэмахуитIкIэ фыщыхьэщIа лъахэращ дэ псоми ди анэр, мыбы щызэхэфха адыгэбзэращ псоми ди анэбзэр. Шэч хэлъкъым, фэ фигу ихунукъым мы щIыналъэ дахэм щывгъэкIуа махуэ купщIафIэхэр. Сынывохъуэхъу гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къывэзыта а лъэхъэнэ кIэщIым хуэдэ зэман куэд фи гъащIэм хэтыну. ФыкъакIуэ, фыкъытхуеблагъэ дяпэкIи. Кавказым, адэжь хэкум я бжэхэр фэр папщIэ дапщэщи зэIухащ.

Гуапэу сабийхэм захуигъэза нэужь, ХьэфIыцIэм абыхэм фэеплъ тыгъэхэр яритащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкIыу. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, ныбжьыщIэхэр хуабжьу зыщыгуфIыкIа адыгэ махуэгъэпсхэр, журналхэр, тхылъхэр, альбомхэр, адыгэлI хахуэ Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ япэу зэрыдэкIрэ илъэси 190-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ къыдагъэкIа медалхэр, нэгъуэщIхэри.

НыбжьыщIэхэм псалъэ дахэкIэ захуэзыгъэзахэм ящыщщ КIурашын Андзори. Абы зэрыжиIамкIэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм хуаIэ пыщIэныгъэм зрагъэубгъун папщIэ, республикэм и унафэщIхэм лэжьыгъэшхуэ зэфIах, щIыналъэхэм я зэхущытыкIэхэр ирагъэфIэкIуэну хущIокъу. Апхуэдэуи къыхигъэщащ хьэщIэр зи щIасэ ди щIыпIэм ижь-ижьыж лъандэрэ хабзэ дахэхэр зэрыщызекIуэр, ахэр нэрылъагъу сабийхэм ящыхъуауэ къызэрилъытэри.

ГуфIэгъуэ пшыхьым къыщыпсэлъащ Тыркум, Израилым, Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием къикIа гупхэм я пашэхэр. Абыхэм фIыщIэ ин хуащIащ къезыгъэблэгъа республикэ унафэщIхэми, турбазэм и лэжьакIуэхэми, гулъытэ къахуэзыщIа нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми, цIыху щхьэхуэхэми, гурэ псэкIэ къазэрыбгъэдэтам папщIэ, я нэгу зрагъэужьыну, загъэпсэхуну, гукъинэж зэхуэсхэм хэтыну Iэмал къызэрыратам папщIэ.

Зэхуэсыр ирагъэкIуэкIащ ди республикэм и артист цIэрыIуэхэу КIэхумахуэ ФатIимэрэ Аттаев Азнорэ. Абы лъэпкъ уэрэд дахэхэмрэ пшыналъэхэмрэ щагъэIуащ Хьэкъул Оксанэ, Шал Хъусен, гъуазджэм и нэгъуэщI лэжьакIуэ пажэхэм.

Фэеплъ сурэтхэр зытрагъэха нэужь, адыгэ джэгу дахэкIэ пшыхьыр зэхуащIыжащ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





## 2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

## НОБЭ

♦**Абхъазыр зыхъумэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ.** 1992 гъэм Куржы-Абхъаз зауэм щIидзащ.

♦**Пакистан Ислъам Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1947 гъэм Пакистаныр къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦**1908 гъэм** Фолкстон (Инджылыз) дунейм щыяпэу щрагъэкIуэкIащ цIыхубзхэм я нэхъ дахэр къыхэхыным теухуа конкурс.

♦**1917 гъэм** Урысейм и пащтыхь Романов Николайрэ и унагъуэмрэ Тобольск щыпсэуну гъэIэпхъуэным теухуа унафэ къищтауэ щытащ ПIалъэкIэ щыIэ Правительствэм.

♦**1930 гъэм** СССР-м къыщащтащ дэтхэнэ и цIыхуми пэщIэдзэ щIэныгъэ Iэмал имыIэу зригъэгъуэтын зэрыхуейм теухуа унафэ.

♦**1932 гъэм** Москва Союзхэм я унэм и Колоннэ залым цIыхубэ творчествэмкIэ щекIуэкIа зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм етIуанэ увыпIэр щаубыдащ.

♦**1944 гъэм** Владимир, Тюмень областхэр къызэрагъэпэщащ.

♦**2010 гъэм** шыщхьэуIум и 14 - 26-хэм Сингапур щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм я I гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Абыхэм хэтащ къэрал 204-м щыщ спортсмен 3531-рэ. УФ-м и командэм медаль 45-рэ къиихьри, а зэхьэзэхуэхэм етIуанэ увыпIэр щиубыдауэ щытащ.

♦Инджылызым щыщ тхакIуэ, драматург, усакIуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Голсуорси Джон** къызэралъхурэ илъэси 152-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ **Дыгъужь Къурмэн** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Тырку Республикэм щылажьэ КАФФЕД зэгухьэныгъэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэу щыта **Джандемир (Гугъэжь) Джихьан** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦IэпщIэлъапщIэ, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Мэстафэ Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс усакIуэ, КъШР-м, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жаннетэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ IущыгъэЖ:

**Зи щхьэ мыузым уи щхьэ уз хуумыIуатэ.**

# Мывэм псэ «хэзылъхьэ» СэвкIуий Хьэмид

● Ди хьэщIэщым

**Дыгъуасэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и хьэщIащ Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием хэт, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI СэвкIуий Хьэмид.**



ХЬЭМИД илъэс куэд щIауэ и ныбжьэгъу, пщIэ ин зыхуищI нэхъыжьыфI, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** къызэрыхуеблэгъар къэдгъэсэбэпри, депсэлъащ.

Графикэм, живописым, скульптурэм зэхуэдэу щылъащэ адыгэлI щэджащэм дунейр къызэритхьэкъуа и лэжьыгъэхэмрэ и гупсысэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ къыддэгуэшащ, и мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ тщиущэхуакъым. И IэдакъэщIэкIхэмкIэ дуней телъыджэ къэзыгъэщI СэвкIуий Хьэмид гъуазджэм «щыжиIэн» иджыри и мащIэкъым. Ар ящыщщ мывэм псэ «хэзылъхьэф» зырызхэм. Творчествэм и цIыху дэтхэнэми хуэдэу, абы езым и лэжьэкIэ, Iуэху бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ иIэжщ.

*Гъуазджэм и гъэфIэн сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэм я щIагъыбзэм, гупсысэ нэхъыщхьэм, езым и дуней еплъыкIэм теухуауэ къыджиIахэм ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм язым фыкъыщеджэ хъунущ.*

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● «Iуащхьэмахуэ и уэрдыхъу - 2019»

## Къэралитхум я дзэ къулыкъущIэу бгылъэ щIыпIэхэм зи къалэнхэр щезыхьэкIхэр нэщанэ зэдоуэ

**«Iуащхьэмахуэ и уэрдыхъу - 2019» дунейпсо конкурсым хэтхэр еплIанэ, етхуанэ махуэхэм зэпеуащ гъуэгуанэ пыухыкIахэр къуршым щызэпычынымрэ нэщанэ еуэнымрэ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм, Индием, Къэзахъстаным, Узбекистаным, Мароккэм щыщ дзэ подразделенэхэм хэтхэм еплIанэ, етхуанэ къалэн хэхахэр ягъэзащIэ. ЕплIанэ къалэным ипкъ иткIэ, абыхэм метр 350 - 400-рэ хъу гъуэгуанэ гугъу къуршым къыщызэпачынущ. Етхуанэ къалэным къызэригъэувымкIэ ахэр нэщанэ щеуэнущ Тырныауз къалэм и Iэшэлъашэхэм щыIэ нэщанэ еуапIэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Лъэпкъ Iуэху

## Адыгэбзэм игъэщIэращIэ фэеплъ медалхэр (бгъэхэIухэр)

**Дызэрыт зэманым анэдэлъхубзэм хуаIэ лъагъуныгъэр къагъэлъагъуэу цIыху IэпщIэлъапщIэхэм адыгэбзэр щэкIым, пхъэм, гъущIым къыхэщIыкIа хьэпшыпхэм тратхэу къаублащ. Абыхэм я зы щапхъэщ Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 190-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыдигъэкIа фэеплъ бгъэхэIухэр (медалхэр).**




АДЫГЭБЗЭМ и хьэрфхэм ягъэщIэращIэ а бгъэхэIу дахащэр КъАХ-м и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и лъэIукIэ игъэхьэзыращ «КъБР-м и коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм» хэт Тхьэкъуахъуэ Iэуес.

Фэеплъ бгъэхэIухэр япэу утыку къыщрахьар Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэрщ. Абы ещIылIа зэхуэсым кърихьэлIа нэхъыжьипщIыр зи гугъу тщIы медалхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

Апхуэдэ дыдэу фэеплъ бгъэхэIухэр Тыркум, Израилым, Мэздэгу адыгэхэм я деж къикIауэ «Долинск» турбазэм зыщызыгъэпсэхуа ди лъэпкъэгъухэм иратащ.

Дыгъуасэ, шыщхьэуIум и 12-м, КъАХ-м и тхьэмадэм иригъэблэгъащ Урысейм и Художественнэ Академием хэт, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI СэвкIуий Хьэмид. Адыгэ щIалэ цIэрыIуэми а тыгъэр хуагъэфэщащ.

Иджыпсту КъАХ-м Адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу пшыхь егъэхьэзыр. Хасэм и лэжьыгъэм зи IуэхуфIхэмкIэ къыхэувахэм зи гугъу тщIы фэеплъ медалыр тыгъэ хуащIынущ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

## Тэрч районым хъарбызыр щыбэгъуащ

**Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ, Дей, Плановскэ, Интернациональнэ къуажэхэм щыхащIа хъарбызыр щIадзауэ Iуахыж.**

ПСОРИ зэхэту гектари 150-м щIигъум щащIам, зэкIэ къызэрабжамкIэ, и бэвагъыр тонн 50-м нэсынущ. Ар и фIыгъэщ мэкъумэшыщIэхэр мы къэкIыгъэр зехьэным IэкIуэлъакIуэ зэрыхуэхъуам икIи щIыналъэм щыIэ щытыкIэхэр тэмэму къызэрагъэсэбэпым.

Тэрч щагъэкIа хъарбызымрэ хъэуанымрэ бжьыхьэр хэкIуэтэху республикэм и щIыпIэ псоми щащэнущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Гъуазджэ





# Пащты Герман и ехъулIэныгъэщIэ

**УФ-м и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Художествэхэмкlэ Урысей Академием и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик, Красноярск Ксилографиемкlэ щыlэ школым и къызэгъэпэщакlуэ икIи и унафэщI, профессор Пащты Герман и тхылъыщIэм иджыблагъэ лъэтеувэ щыхуащlащ Налшык дэт «Акрополь» хэщIапIэм.**

КРАСНОЯРСК и «Поликор» тхылъ тедзапIэм экземпляр 300 хъууэ дунейм къыщытехьа тхылъ телъыджэм Пащтым и школым къежьапIэ хуэхъуам, ксилографием и щхьэхуэныгъэхэм, а унэтIыныгъэм ди къэралым щигъуэта зыужьыныгъэм щытопсэлъыхь. Альбом жыпхъэм ит а къыдэкIыгъуэм дуней псом къыщацIыху сурэтыщIхэм къиищынэмыщIауэ, а IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщызыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэхэми уащрихьэлIэнущ. Пащтым и еджапIэм и щхьэхуэныгъэхэм нэIуасэ ухуещI тхылъым. Альбомыр къахуэсэбэпынущ сурэтыщI Iэзэхэм, а IэнатIэм хуеджэхэм, ксилографием дихьэххэм.

«Школа ксилографии Германа Паштова» фIэщыгъэм щIэт Iуэху дахэм иращIэкIа дауэдапщэм кърихьэлIат КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий**, ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъБР-м и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, скульптор цIэрыIуэ **ТхьэкIумашэ Михаил**, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **СэвкIуий Хьэмид**, сурэтыщI IэщIагъэм хуеджэ ныбжьыщIэхэр, гъуазджэр фIыуэ зылъагъухэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Пащт-Хъан Алим** зэIущIэм и пэщIэдзэм «Акрополь» уардэунэр зей Къардэн Хьэсэн, сыт щыгъуи хуэдэу, я Iуэхухэр къызэрыдиIыгъам папщIэ, фIыщIэ псалъэ жриIащ. Ар тепсэлъыхьащ Пащты Герман зи унафэщI, илъэс 20 ипэкIэ къызэрагъэпэща еджапIэм ехъулIэныгъэ зэрибэм. Къыхэгъэщыпхъэщ а зым фIэкIа ди къэралым апхуэдэ школ нэгъуэщI зэрыщымыIэр.

- Пащты Герман зымыцIыху, абы и IэдакъэщIэкI дахэхэр зымылъэгъуа къыфхэту къыщIэкIынкъым, - захуигъэзащ Къумахуэ Мухьэдин къызэхуэсахэм. - Къэбэрдей-Балъкъэрым щилэжь IуэхуфIхэм папщIэ Герман фIыщIэ лей хуэфащэщ. НэхъыжьыфI и хьэлу ар сыт щыгъуи хущIокъу езыр зыхэт гъуазджэм ныбжьыщIэ нэхъыбэ зэрыдригъэхьэхыным, абы хуэIэижь щIыным. Уеблэмэ, гъуазджэм гъуэгу дахэ зыхупхишари мащIэкъым. Хуабжьу си гуапэу сыкIэлъоплъ и ехъулIэныгъэхэм, дэтхэнэми къызэрымыкIуэу сыщогуфIыкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щхьэр лъагэу щIиIэтын и мащIэкъым, Пащты Герман апхуэдэхэм зэращыщыр шэч къызытумыхьэжынщ. Иджыри куэдрэ узыншэу тхуэлэжьэну, и IэрыкI телъыджэхэмкIэ дигъэгуфIэну дыщогугъ.

Гъуазджэм хуиIэ фIылъагъуныгъэм, Пащты Герман хуищI пщIэ лъагэмкIэ къыщIидзащ Зумакулов Борис и къэпсэлъэныгъэр.

- Пащтым и творческэ гъуэгуанэм щыщIидзар сощIэж. А цIыху гуащIафIэм хузэфIэкIащ ди щIыналъэм и мызакъуэу нэгъуэщI щIыпIэхэми и зэфIэкIыр къащригъэщIэн, езым и гъуэгу бгъуфIэ гъуазджэм щыпхишын. Герман гулъытэ ин зиIэ цIыхущ, ар и хъуреягъым ялъэIэс, защIэзыгъакъуэщ. «Фи лъахэгъу - Пащты Герман ди деж къызэрымыкIуэу пщIэшхуэ щыхуащI», - жеIэри Красноярск щыщ си цIыхугъэ гуэрым къызжиIати, хуабжьу си гуапэ хъуащ. Герман и къуэ Алими лъагапIэ инхэр зыIэригъэхьащ, и адэм и Iуэхум пызыщэ щIалэр дунейм и щIыпIэ куэдым къыщацIыху, и IэдакъэщIэкIхэр хуэсакъыу яхъумэ. Тхьэм фригъэфIакIуэ!

АдэкIэ пшыхьым щагъэлъэгъуащ «Двадцать мгновений вечности» фIэщыгъэм щIэт фильм. Ар теухуат Красноярск КсилографиемкIэ дэт школым и тхыдэм, ар зэрызэфIэувам, абы и лэжьыгъэмрэ къалэну зыхуигъэувыжхэмрэ.

Я лэжьыгъэ къалъытэу, пщIэ къыхуащIу къекIуэлIа дэтхэнэми фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ Пащты Герман.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*






● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

## Псалъэмакъ щхьэпэ

**«Дзэлыкъуэ щIыналъэм и бизнес-инкубатор» МКУ-м щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI хьэрычэтыщIэ Iуэхум зегъэужьыным теухуа зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр.**

РАЙОНЫМ ис къулыкъущIэхэр, лъэ быдэкIэ ува хьэрычэтыщIэхэр, район администрацэм экономикэмкIэ и къудамэм МФЦ-м я лIыкIуэхэр хэту иджыблагъэ екIуэкIа зэхыхьэр хъыбарегъащIэ семинаркIэ къызэIуахат. Абы щытепсэлъыхьащ ди республикэм и щIыналъэхэм а къэрал дэIэпыкъуэгъур къазэрыIэрыхьэ щыкIэм. ЗэIущIэм щызэчэнджэщащ зэфIэкI зиIэ бизнесменхэмрэ ирагъэблэгъахэмрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и экономикэм нэхъри зезыгъэужьынкIэ хъуну Iэмалыщlэхэм, нобэ районым и жылагъуэхэр бизнес Iуэхум зэрыхущытымрэ яIэ ехъулIэныгъэхэмрэ.

ЗэIущIэм и кIэухым жэуап щратащ щIыналъэм ис хьэрычэтыщIэхэм къабгъэдэкIа упщIэхэм. Ахэр теухуат зэлэжь Iуэхухэм, абыхэм къыщIагъэкIхэр зыхуэдэм, щэн-къэщэхун мардэхэм.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**

**Ди республикэм и бгылъэ щIыпIэ нэхъ дахэхэр зэгъэлъагъуным теухуа жэрдэм къыхилъхьащ КъБР-м и муслъымэн IуэхущIапIэм.**

● Жэрдэм

## Гур хэзыгъахъуэ дахагъэ

АБЫ и унафэщIым и къуэдзэ Сыжажэ Алим дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, бгы щIыбагърақъым, атIэ бгы щыгурщ цIыхум и плъапIэу щытын хуейр. Аращ проектым лъабжьэ хуащIари. Мы Iуэхум ипкъ иту щIалэгъуалэ гупышхуэ кIуащ Шэджэм жьанэм, Бейдыдж, Булунгу аузхэм. ДызыхуэкIуэ зэман гъунэгъум абы щыпащэнущ Чегет, Терскол, Хьэрэкхъуэрэ. АдэкIэ гупым Iуащхьэмахуэ и щыгур къапоплъэ. «Ди щIыпIэр апхуэдизкIэ дахащэщи, ар щыплъагъукIэ уи гур хохъуэ. Дэ ди мурадщ Тхьэм къигъэщIа дахагъэр цIыхум я нэкIэ едгъэлъагъуну, я гукъыдэжыр къэтIэтыну», - пищащ Сыжажэм. ЦIыхур дахагъэм нэхъ пэгъунэгъу щIынымкIэ мыхьэнэ ин иIэу къалъыта мы Iуэхур Президентым и фондым къадиIыгъынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэм ирихьэлIэу «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыхилъхьа программэр*

# Ди политикэр - захуагъэрщ!

Ди партым и программэр ятещIыхьащ социализмэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэхэм: Захуагъэм, Щхьэхуитыныгъэм, Зэакъылэгъуныгъэм.

1. Зы сыхьэтым нэхъ мащIэ дыдэу ят лэжьапщIэм хуэкIуэным теухуауэ:

- нэхъ мащIэ дыдэу зы сыхьэтым ят улахуэр соми 100 хъууэ гъэувыныр и лъабжьэу цIыхухэм къалэжьым хэгъэхъуэн.

2. ЛэжьыгъэмкIэ социальнэ шэсыпIэщIэхэр гъэувыным теухуауэ:

- бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэ псоми (дохутырхэм, егъэджакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, адрейхэм) я лэжьапщIэм, социальнэ шэсыпIэхэм хэгъэхъуэн.

3. «КъБР-м къэрал пенсэхэмкIэ къызэрыщызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» законыщIэр:

- пенсэр цIыхум къилэжьу щытам и процент 60-м нэхърэ мынэхъ мащIэу гъэувын. Пенсэхэр бюджетым къыхэкIыу къэралым ет. Пенсэм щагъакIуэ ныбжьым хагъахъуэркъым икIи япэм зэрыщытам хуокIуэж. ЛэжьыгъэмкIэ стажым техникумым, вузым зэрыщеджар, сабийр илъэсищ ныбжьым нэсыху зэрапIа пIалъэхэр хагъэхьэ. Пенсэр нэхъыбэ ящI цIыхур илъэс 70 щрикъум щыщIэдзауэ.

4. УнагъащIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ законыр, бын зэрагъуэтам папщIэ анэхэм ахъшэ зэрыратым теухуа законым хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэр:

- сабий зиIэ унагъуэхэм папщIэ социальнэ шэсыпIэхэм хэгъэхъуэныр, апхуэдэу лэжьапщIэ ирату сабийр зы илъэсрэ ныкъуэм нэсыху зэрыщагъэсыр илъэсищым нэгъэсыныр, сабийм папщIэ ят ахъшэ псоми хэгъэхъуэныр, сабий етIуанэ зыгъуэта анэхэм хухаха ахъшэр къыщIагъэсэбэп мурадхэм зегъэубгъуныр, унагъащIэхэмрэ сабий куэд зиIэ унагъуэхэмрэ псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

5. «КъБР-м зэрыщрагъаджэм и IуэхукIэ» законым хэлъхьапхъэ зэхъуэкIыныгъэхэр:

- курыт еджапIэр къаухын икIи вузхэм щIэтIысхьэн папщIэ ирагъэт Къэрал Экзамен Зэгуэтхэр къыIамыхыжу щIын. Къэрал Экзамен Зэгуэтхэр дэтхэнэми езым и фIэфIыныгъэкIэ ирагъэт. Къуажэхэмрэ къалэ мыинхэмрэ школхэр къыщызыухахэм папщIэ вузхэм зэрыщIагъэтIысхьэ квотэхэр гъэувын. Стипендиехэр цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм и процент 50-м нэхърэ мынэхъ мащIэу къаIэт. ШколакIуэхэмрэ студентхэмрэ жылагъуэ транспортымкIэ пщIэншэу къакIухьыну хуит ящI;

- курыт специальнэ еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ къэзыуххэм папщIэ япэ лэжьапIэ IэнатIэхэр квотэкIэ ягъэув.

6. «Щэнхабзэм и IуэхукIэ» законыщIэр:

- дэтхэнэ зы цIыхуми къэрал щэнхабзэм, дунейпсо щэнхабзэм я хъугъуэфIыгъуэхэр къыпэрыуэ щымыIэу къигъэсэбэпынымкIэ хуитыныгъэр зэрыпхагъэкI Iэмалхэр убзыхун, къекIуэкI хабзэхэр телепрограммэхэмрэ фильмхэмрэ зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъыну хуитыныгъэ зиIэ Жылагъуэ совет телевиденэм ехьэлIауэ къызэгъэпэщын.

7. «КъБР-м ныкъуэдыкъуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыщратым и IуэхукIэ» законым хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэр:

- ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ псоми медицинэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэу иратынымкIэ шэсыпIэхэр убзыхун, ныкъуэдыкъуагъэ цIыхум зэриIэмкIэ зыхуэфащэ тхылъхэр зэрыратыр нэхъ къызэрыгуэкIыу къызэгъэпэщын, ныкъуэдыкъуэхэм, псом хуэмыдэу сабий ныкъуэдыкъуэхэр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ иджырей центр къызэгъэпэщын, гъащIэм хэзэгъэжын папщIэ ныкъуэдыкъуэр зыхуейхэр къэщэхуным тригъэкIуэда ахъшэр и зэманым хуэпшыныжын.

8. «ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэным и лъабжьэхэм ятеухуауэ» законым хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэр:

- хуэныкъуэ дэтхэнэ зыми медицинэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэу етыныр;

- къэрал, муниципальнэ поликлиникэхэм, сымаджэщхэм пщIэ зыщIэтын хуей медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрамытыну, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ квотэхэр щамыгъэIэжыну гъэувын.

9. «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэр къызэрыщызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» законым хэлъхьапхъэ зэхъуэкIыныгъэхэр:

- къэрал медицинэ страхованэр къызэригъэпэщыну зи къалэныр къэралым и закъуэщ;

- узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм уней страховой компаниехэр къыхэгъэкIыжыныр.

10. ПсэупIэкIэ законодательствэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэр:

- коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм къадэкIуэу псэупIэмкIэ Iуэхутхьэбзэхэм, абыхэм унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынри хэту, цIыхухэм щIат ахъшэм зэрыхагъахъуэр къэгъэувыIэн. ПсэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ папщIэ нэхъыбэ дыдэу ят ахъшэр унагъуэм ис псоми къаIэрыхьэ хэхъуэм и проценти 10-м щIигъу хъунукъым.

11. Зи сабиигъуэр зауэм хиубыдахэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъуныр:

- 1946 гъэм япэкIэ къалъхуа псоми мазэ къэс сом 1000 иратыну гъэувын.

12. Лей зыкIэлъызэрахьа цIыху псоми ират ахъшэм хэгъэхъуэным и IуэхукIэ:

- лей кIэлъызэрахьауэ зэрыщытам къыхэкIыу зыдэIэпыкъу цIыхухэм мазэ къэс ират ахъшэр сом 3000-м нэгъэсын .

13. Ахъшэшхуэ къэзылэжь цIыхухэм налог нэхъыбэ яту гъэувыным и IуэхукIэ:

- хуэмыщIауэ псэухэм ящыщу къалъытахэм къаIэрыхьэ хэхъуэм техуэу ят налогыр ящхьэщыхын, налогхэр зрат щIыкIэр гъэувын, нэхъыбэ къэзылэжьхэм налог нэхъыбэ къыIахыу.

14.Транспортым папщIэ налогыр гъэкIуэдыжыным и IуэхукIэ:

- транспортым папщIэ налогыр гъэкIуэдыжын. Бензинымрэ дизель гъэсыныпхъэмрэ тралъхьэ акцизхэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэращIым къыхэкIыу автомашинэ зиIэхэм налогхэр тIуащIэу ятын хуей мэхъу.

15. Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкIыу къызэрабж хабзэм ипкъ иткIэ ставкэхэмрэ мэкъумэш налог зэгуэтымкIэ ставкэхэмрэ гъэмэщIэным и IуэхукIэ:

- налогхэр нэхъ къызэрыгуэкIыу къызэрабжым ипкъ иткIэ ставкэхэр хэхъуэхэм я проценти 6-м щегъэжьауэ проценти 3-м нэсу, хэщIхэр зэхагъэкIыжа хэхъуэхэмкIэ ставкэхэр проценти 15-м щегъэжьауэ проценти 5-м нэсу гъэмэщIэн. Мэкъумэш налог зэгуэтыр проценти 6-м щегъэжьауэ проценти 3-м нэсу щегъэжьэн.

**СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ**

**Голосуй за №2**

**Дэ захуагъэ здэщыIэ Урысейм дрителъхьэщ!**
**Дэ Хэкум и социалистическэ къэкIуэнум дрителъхьэщ!**
**Дэ иджырей социализмэр къыхыдох!**

Ирагъэкlуэкlа пхъэидзэм ипкъ иткlэ, пщlэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

**Ди газет напэкIуэцIхэм ящыщ зым иджыблагъэ зи гугъу щыфхуэтщIа КъБКъУ-м и аспирант Амщокъуэ Амырхъан (зыщыщ Амщокъуэ лъэпкъыр «МылIэжын полк» зэхыхьэм жыджэру зэрыхэтар и фIыгъэщ икIи абы къыхилъхьащ «Псори дигу къэдгъэкIыжынщ» лъэпкъ зэхуэсыр накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу гъэ къэс зэхашэну) теухуа хъыбар гуапэ иджыри къытIэрыхьащ. ЩIэблэр тхыдэм щIэпIыкIыным, къэралыр, щIыналъэр зэрыгушхуэ я лIыхъужьхэр зейхэм егъэцIыхужыным ехьэлIа Iуэху дахэр, дауи, уасэншэщ.**

● Хъыбар гуапэ

# Амщокъуэ Амырхъан утыку йохьэ




ЛЪЭПКЪ уэрэдхэр гъэзэщIэнымкIэ Кобзон Иосиф и цIэкIэ Грознэ къалэм шыщхьэуIум и 2 - 4 - хэм къыщызэрагъэпэща дунейпсо фестиваль-зэпеуэм республикэм къыбгъэдэкIыу щIалэ жыджэрым зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи абы ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

Музыкант, уэрэджыIакIуэ, продюсер, усакIуэ, къэфакIуэ, битмейкер ныбжьыщIэхэр, езыхэм ятхыжа усэхэр, я IэдакъэщIэкI уэрэдхэр зыгъэзэщIэжхэр мы гъэмахуэм хыхьэу бадзэуэгъуэм и 17 - 23-хэм Кърымым япэу щекIуэкIа «Таврида 5.0» урысейпсо зэхыхьэм щызэхуэсащ. Щэнхабзэ, гъуазджэ фестивалыр къыхэзылъхьахэм я мурадыр зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэр зэхуашэсу унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэжаныкIхэм я талантыр къагъэнэIуэнырт, ахэр зэкъуагъэувэнырт, щIэхэм трагъэгушхуэнырт.

КъБР-м и лIыкIуэу а фестивалым и «Рэп сменэм» кIуащ икIи жыджэру зыкъыщигъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ къэрал университетым и аспирант, КъБКъУ-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Амикс» театрым хэт, республикэм и концертхэр зыгъэдахэ Амщокъуэ Амырхъан. ЩIалэм ехъулIэныгъэхэр щиIэщ щIэныгъэ зэгъэгъуэтынымрэ уэрэд жыIэнымрэ.

- Зэхуэсым КИФЩI-м щыщхэм я унэтIакIуэу хэта Хьэгъэжей Иринэ и деж къыщысщIащ рэп уэрэдхэр зыгъэзащIэхэри абы зэрыщызэхуэсынур, - жеIэ Амырхъан. - Зэпеуэм сыхыхьэн папщIэ къысхуагъэува лэжьыгъэхэр зэфIэзгъэкIри, си уэрэдыр яхуезгъэхьащ. ТхьэмахуитIкIэ сыпэплъа нэужь, зэхьэзэхуэм сызэрыпхыкIам теухуа хъыбарыр къысIэрыхьащ. Псом хуэмыдэу сигу дыхьащ зэхыхьэр тенджызым пэмыжыжьэ щIыпIэм зэрыщрагъэкIуэкIар, ди программэр щIэщыгъуэу зэрызэхагъэувар, ущыджэгу хъуну утыкухэр гъунэжу дызэриIар, абы ныбжьэгъу куэд къызэрыщызгъуэтар, цIыху гъэщIэгъуэн зыбжанэ къызэрыщысхуэхъуар, - игу къегъэкIыж Амырхъан.

Амщокъуэм зэрыжиIэмкIэ, псом хуэмыдэу гукъинэж щыхъуащ проектым и унафэщI Батурин Андрей, я гъэсакIуэхэу Крутой Игорь, рэпер Вахтанг, «Black Star» продюсер центрым и унафэщIхэу Курьянов Павелрэ Абрамов Викторрэ, къэралым и нэгъуэщI артист цIэрыIуэхэм я мастер-классхэмрэ лекцэ купщIафIэхэмрэ.

Фестивалым хыхьэу къызэрагъэпэща зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хагъэхьэнухэр къыщыхах зэхьэзэхуэ куэдым и зэфIэкI щеплъыжащ Амщокъуэр. Езым итхыжа уэрэдыр игъэзащIэри, ар пхыкIащ лъэпкъ уэрэдхэр жыIэнымкIэ Кобзон Иосиф и цIэкIэ къызэрагъэпэща «Красная гвоздика» дунейпсо фестиваль-зэпеуэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ къэрал университетым и ректор, студентхэм зауэжьыным ехьэлIа жэрдэмхэр сыт щыгъуи къыддэзыIыгъ Апажэ Аслъэн фIыщIэ хуэфащэщ, фестивалым сыкIуэнымкIэ къызэрыздэIэпыкъуам папщIэ. Зэпеуэм урысыбзэкIэ щызгъэзэщIа икIи стхыжа «Тает во мгле», «Магия» уэрэдхэр фестивалым ещанэу къызэрыщалъытар гуапэ сщыхъуащ, - къыддогуашэ Амщокъуэр. - Фестивалым сызэрыхэтам къыдэкIуэу Грознэ къалэми зыщысплъыхьыну Iэмал сызэриIари гуимыхуж сщыхъуащ.

ЩIалэ жыджэрым и творческэ зэфIэкIхэр урысейпсо, къэралпсо зэхыхьэхэм екIуу зэрыщигъэлъагъуэр, ехъулIэныгъэхэр къызэрыщыхуагъэфащэр, къызыхэкIар, ди щIыналъэр фIыкIэ зэригъэIур, дауи, уззэрыгушхуэнщ!

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● ДифI догъэлъапIэ

# IэщIагъэлI нэс Урысбамбэт Бэхьид

**«Зы жьэм жьэдыхьэр жьищэм жьэдохьэ» жаIэ. Сэ куэд щIауэ зыхэсхырт Урысбамбэт Бэхьид и щытхъу. МызэмытIэу седэIуат ар дзэIулъхьэ Iэзэу зэрыщытым и хъыбар. Зым, тIум, щым жаIэр щызэтехуэкIэ абы шэч къытумыхьэми хъуну къыщIэкIынщ, ауэ уэ езым уи нэкIэ плъэгъуам, бгъэунэхуам хуэдэ щыIэ?! Зэман дэкIри щыхьэт сытехъуащ а лIым теухуауэ кърахьэкI хъыбархэр зэрыпэжым.**



ШЭЧ ХЭЛЪКЪЫМ, щысабийм щегъэжьауэ къалэн гуэр зи пщэ дэлъу къэхъуамрэ зи гъащIэр матэщIэдзауэ къезыхьэкIамрэ зэи зэхуэдэ хъунукъым. Гугъуехьыр, ерыскъыр къыздикIыр зыщIэу къэтэджар сыт и лъэныкъуэкIи йофIэкI хьэулейуэ, Iуэхуншэу къэхъуа цIыхум. И щхьэм бадзэ трихужыф зэрыхъурэ Бэхьид унагъуэм сэбэп щыхъуу къэгъуэгурыкIуащ, и адэ-анэм я жыIэм фIэлIыкIыу, абы я псалъэм ебэкъуэн жыхуэпIэр и гущхьэ къэмыкIыу.

НыбжьыщIэхэм IэщIагъэ къызэрыхах щIыкIэр зэтехуэркъым. Хэти зэрысабийрэ зыщIэхъуэпсым и Iэр трегъахъуэ, хэти адэ-анэм яфIэкъабыл еджапIэм макIуэ, хэти и ныбжьэгъу-жэрэгъухэм я чэнджэщыр фIэдурысщ. Бэхьид и IэщIагъэм гу хуищIыным щхьэусыгъуэ хуэхъуа Iуэхугъуэр нобэ хуэдэу ещIэж:

- Абазэ Борис ди къуажэм дэст дзэм еIэзэ дохутыру. Ар ди пхъурылъхут икIи школым къепхауэ лажьэрт. Ди дзэр узу дыкIуамэ: «Мыр бдыжми хъунущ, ауэ Iупчмэ, нэхъыфIщ», - жиIэрти, игъэузу IэдэкIэ къеIэрт. Абы щыгъуэ сигу ислъхьащ: Тхьэм къысхузэпищмэ, школ нэужьым, дзэм еIэзэ дохутыру седжэнщ, сабийхэр сымыгъагъыу, я дзэхэр згъэхъужынщ», - жысIэри. Арати, 10-нэ классыр къэзухри, Дагъыстэным щыIэ медицинэ институтым сыщIэтIысхьащ.

Мэхъэчкъалэ дэт еджапIэ нэхъыщхьэр 1976 гъэм къиухащ Урысбамбэтым. ЩIыналъэм къигъэзэжри IэщIагъэлI щIалэр кIуащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм. А зэманым министру щыта Бер Мухьэдин ар игъэкIуащ Налшык дэт Дзэм щеIэзэ республикэ поликлиникэм. Бэхьид а IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Руслан министрым кърита, лэжьапIэ къащтэн хуейуэ зэрыт тхылъыр щригъэлъагъум, и IэщIагъэлIхэм ящыщ Медунов Мурат къриджэри, пщэрылъ щищIащ Iуэхум хигъэгъуэзэну. Махуэ зыбжанэ дэкIри, дохутыр нэхъыщхьэр щIыхьащ Бэхьид щылажьэ пэшым, щIалэщIэм и зэфIэкIхэр зыхуэдэр зригъэщIэну. «Мыр гъэсэн хуейкъым, зыхуеджа IэщIагъэм хъарзынэу хещIыкI, утемыгузэвыхьу лэжьыгъэм пэрыбгъэхьэ хъунущ», - къыжриIащ гъукIэгъэсэну зритам. «А жыхуэпIэр фIы дыдэщ», - жиIэри, арэзыуэ щIэкIыжащ дохутыр нэхъыщхьэр. Абы щегъэжьауэ, илъэс 43-рэ хъуауэ, и IэнатIэм пэрытщ Урысбамбэтыр. А зэманым къриубыдэу цIыху дапщэу пIэрэ Бэхьид зэIэзар, дэрэжэгъуэ къызыхуихьар? Абы я бжыгъэр, дауи, езыми ищIэжу къыщIэкIынкъым.

УзыфI щыIэкъым, ауэ дзэ узыр къыпщыхьамэ, ар зыгъэунэхуахэм фIы дыдэу ящIэ, дуней нэхур плъагъуркъым. Апхуэдэ куэдым сэбэп яхуэхъуащ Бэхьид. Уеблэмэ жэщыбгыу и унэ къэкIуа щыIэхэщ, «дзэ узым сыщIехуэри сыт сщIэнур?» - жаIэу. Ахэр зэи игъэщIэхъуакъым Урысбамбэтым - сыт щыгъуи ядэIэпыкъуащ чэнджэщ щхьэпэкIэ, зэфэну хущхъуэр зыхуэдэр яжриIэу, и унэ щIэлъмэ яриту.

Бэхьид дзэIулъхьэу еджами, ар дыжынми, Iучынми, дзэлым еIэзэнми фIыуэ хищIыкIырт. Зыпэрыт Iуэхум зэрехъулIэм, IэнатIэм гу къабзэкIэ зэрыбгъэдэтым щыхьэт техъуэфынущ ар зэIэза, зи дзэ Iуилъхьа цIыхухэр. Урысбамбэтыр ящыщкъым IэхъуэгъуэтегъэкIыу зи лэжьыгъэм пэрытхэм. Абы и щIакхъуэ Iыхьэр хьэлэлу къелэжьыж. Хуабжьу зрегъэлIалIэ дэтхэнэ зыми. И деж къэкIуа цIыхум хуIуилъхьа дзэр тэрэз хъухункIэ езым и псэр тыншынукъым. Бэхьид щылажьэ поликлиникэм къакIуэм и бжыгъэр пхужыIэнкъым. ГъэщIэгъуэнращи, мо цIыху Iэпэ щабэм, мо лIы зэпIэзэрытым а къомым зэрепсэлъэн бзэ къахуегъуэт - адыгэ унагъуэ тэмэм къызэрихъукIар, цIыхугъэ, адыгагъэ зэрыхэлъыр бэяну.

- Лэжьыгъэ гугъу дыдэ дыщрихьэлIэ мызэ-мытIэу къохъу, - жеIэ Бэхьид. - ЦIыхум и дзэр тэмэму зэтримыгъэувэфу е Iисраф хъуарэ дахэ-дахэу иримышхэфу. Апхуэдэхэм деж дзэм гуныкъуэгъуэ къызрит цIыхум удэгузавэу, абы и Iуэхур тэмэму хъужауэ плъагъуну ущIэхъуэпсмэ, лэжьыгъэр и кIэм нэсыху уи гупсысэр етауэ йокIуэкI. Ар зэфIэкIрэ зы тхьэмахуэ дэкIауэ зи дзэ Iуплъхьар къыщIыхьэрэ: «Сыбгъэтыншыжаи, уи IэщIагъэм и хьер Тхьэм уигъэлъагъу», - жиIамэ, фIыгъуэ гуэр къысхэхъуам хуэдэу къысщохъу, абы иужькIэщ си гум зыщигъэпсэхур.

Зи лъэпкъыр, къыщалъхуа щIыналъэр фIыуэ зылъагъу дэтхэнэ зыми хуэдэу, Бэхьид щогуфIыкI ди щIэблэм я фIым, я ехъулIэныгъэм. Ирогузавэ гъэсэныгъэм и Iуэхур тIэкIу зэрыбгъэунлъам, и гум йожалIэ ди бзэр Iумпэм ящIу зэхихмэ:

- Ди курыт школхэм ящыщ гуэрым анэдэлъхубзэр щрагъэджэну хуэмей хуэдэу псалъэмакъ щекIуэкIауэ тхыгъэ сыкъеджати, хуабжьу си жагъуэ хъуащ. Дауэ уадыгэу сэ адыгэбзэ сыхуейкъым зэрыжыпIэнур? Абы къикIыр уи лъэпкъи уи хабзи Iумпэм пщIыуэ аращ. Ар емыкIуу собж. Сэ си къуэрылъху цIыкIухэм бзэр ядогъащIэ. Зы пщэдджыжьи къанэу къыщIэкIынкъым: «Дауэ фыщыт дадэ, нанэ, дауэ нэху фыкъекIа?» - жамыIэу.

Къуажэм къыщыхъуа, иужькIэ къалэдэс хъуа цIыху балигъым я нэхъыбэм IэщIыб ящIыркъым къыщалъхуа щIыпIэр. Бэхьиди нобэми гукъуэпскIэ пыщIащ и сабиигъуэр щигъэкIуа, къыдалъхуахэр щыпсэуа жылэжьым. Iэмал иIэххэу абы щекIуэкI гуфIэгъуи гузэвэгъуи зыхигъэнкъым. Абы ноби зэрехьэ адэ-анэм я лъапсэр.

Дауи, узыпэрыт Iуэхум гукъыдэж нэхъри къуущитынур унагъуэкIэ гукъыхэщт уимыIэмэщ. Бэхьид и щхьэгъусэ Рае Налшык къалэ сымаджэщым куэд щIауэ бухгалтеру щолажьэ . А тIум бынищ зэдапIащ - Ахьмэд, Мухьэмэд, ФатIимэ сымэ. Псори унагъуэщ. Ахьмэди ФатIими адэм и лъагъуэм ирикIуащ - дзэм еIэзэ дохутырщ. Ахьмэд медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Дзэм щеIэзэ республикэ поликлиникэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIщ, уеблэмэ зэадэзэкъуэр зы пэшым щызэдолажьэ. Мухьэмэд финанс Iуэхум хуеджащ.

ЩIэблэ дахэ, узыншэ уиIэныр насыпкъэ?! Бэхьид нэхъыбэу гукъыдэж къезытыр и лъэр зыгъэжаныр, и гурыфIыгъуэр, дауи, и бынхэм къащIэхъуэжа цIыкIухэрщ. Ахэр зэщIыгъуу ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм ишэрэ я нэгу зригъэужьмэ, лэжьапIэ IэнатIэм тIэкIу гугъу щехьами, езэшами пщэдджыжь дыгъэпсым ирихъупыкIа уэсэпсу мэкIуэдыж лъэужьыншэу.

**МЫЗ Ахьмэд.**

**Бзылъхугъэ гуащIафIэщ, лъэпкъ литературэм зи къалэмыр къыхэжаныкIщ Адыгейм щыщ Хъунэгу Саидэ.**

# Зи къалэмыр жан Хъунэгу Саидэ

● Юбилей

КРАСНОГВАРДЕЙСКЭ щIыналъэм хыхьэ Жэмбэчей къуажэм ар къыщалъхуащ. 1984 гъэм къиухащ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр.

Усыгъэми прозэми зэхуэдэу щылъащэ, зи псалъэр щIэщыгъуэ Саидэ пасэу тхэн щIидзащ. Адыгэ лъэпкъым и дахагъэр, абы и хабзэ лъапIэхэр, цIыхугъэр, лъытэныгъэр, гущIэгъур я лъабжьэщ Хъунэгум и IэдакъэщIэкIхэм.

Куэдым фIыуэ ялъэгъуауэ зэIэпах и усэхэм нэмыщI, абы къигъэщIащ сценарийхэр, гушыIэр зи лъабжьэ тхыгъэхэр икIи ахэр театрхэм щагъэлъагъуэ, телевидэнэмкIэ щIэх-щIэхыурэ къат. Хъунэгуращ зытхар Адыгейм япэу щытрахауэ щыта художественнэ фильм кIэщIым и сценарийр. Сочэ къалэ щекIуэкIауэ щыта «ТЭФИ-регион» зэхыхьэм Саидэ и «Всё для тебя, друг мой» фильмыр нэхъыфIхэм халъытауэ щытащ.

«УблапIэ» фIэщыгъэм щIэту тхакIуэ зыбжанэм я IэдакъэщIэкIхэр иту 1985 гъэм дунейм къытехьа тхылъым Хъунэгум ей зыбжани ихуащ. Ар махуэ зыхуэхъуа бзылъхугъэм иужькIэ къыдигъэкIащ усэхэр, эссехэр, монологхэр зэрыт «Осэпсыц» (1989), «Пшъэхъухэр» (1994), «Макъэ шхьафит» (2001), «ЛIэшIэгъуитIым



ялъэмыдж» (2006) тхылъхэр.

Саидэ и тхыгъэхэм я япэ сатырхэм щегъэжьауэ абы и псэ къабзагъымрэ зэхэщIыкI инымрэ щызыхыбощIэ. Гупсысэ жан зиIэ а бзылъхугъэм гъащIэм къигъэув Iуэхухэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуегъуэт. Хъунэгу Саидэ и творчествэр къуэпсыбэщ, адыгэм и блэкIар, нобэр, лъэпкъ Iуэхур щыпэрытщ абы. Дунейм фIыкIэ зебгъэужьын, ар нэхъ дахэ зэрыпщIын яужь уитын зэрыхуейрщ и щIэджыкIакIуэр къызыхуриджэр. Абыхэм утетмэ, гъащIэр тыншыпIэ-гупсэхупIэ зэрыпхуэхъунур къыджеIэ тхакIуэм.

ТхакIуэ-усакIуэхэм яхэтщ я ныбжьым хуумыгъэфэщэну гъащIэм фIыуэ хэзыщIыкIхэр, абы и гъурри и цIынэри зыщIэхэр. Апхуэдэщ Хъунэгу Саиди.

Адыгейм ГъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ ар. 1996 гъэ лъандэрэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

«Зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр зыдэт тхылъ» къыдэкIыгъуэр Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зратыну 2013 гъэм къагъэлъэгъуахэм ящыщт Саидэ.

Зи IуэхущIафэкIэ нэIурыт ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэм дохъуэхъу, и унагъуэм, лъэпкъым, литературэм иджыри илъэс куэдкIэ узыншэу хуэпсэуну.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Футбол

# «ВыщIэхэр» япэу Налшык щыхагъащIэ

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Краснодар-3» (Краснодар) - 2:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Шыщхьэу1ум и 9-м. ЦIыху 250-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Чистяков (Iузэв), Тиракьянц (Дон Iус Ростов), Тибилов (Владикавказ).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Сындыку, Ольмезов, КIэдыкIуей, Белоусов, Машэжь, Iэпщацэ, Дэхъу (Шаваев, 64), Хьэшыр, Ашу (Апажэ, 73), Бацэ.

«**Краснодар-3**»: Сафронов, Гогличидзе (Гиоев, 82), Чичбэ, Никитин, Исаенкэ, Петерсон, Котов (Самарциев, 87), Коломийцев, Манелов, Пидлисняк (Юрченкэ, 66), Мавлянов (Самко, 41).

**Топхэр дигъэкIащ**: Бацэм, 22 (1:0). Бацэм, 80 (2:0).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Бацэм, Никитиным, Коломийцевым, Ашум, Машэжьым.

**Джэгум къыхахуащ**: Коломийцевыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» мэрем кIуам и стадионым къыщригъэблэгъат зэпеуэм зэрыщIидзэрэ зыми къыхимыгъэщIэфа икIи турнир таблицэм етIуанэ увыпIэр щызыIыгъ «Краснодар-3» командэр. Абы къигъэлъэгъуащ ди щIалэхэр гуп зэкъуэт зэрыхъуар икIи хьэрхуэрэгъу лъэщхэм зэрапэщIэтыфынур.

ЗэIущIэм и япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ налшыкдэсхэр къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуащ. Абыхэм Краснодар къикIа «выщIэхэр» (аращ а командэм и дамыгъэр) псынщIэу къагъэIурыщIащ икIи 22-нэ дакъикъэм, зи чэзу угловойхэм ящыщ зы къыхата иужькIэ, Бацэ Къантемыр лъэгуажьэкIэ бжыгъэр къызэIуихащ.

Япэ зэрищам «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъ кIащхъэ къащIакъым. Абы и футболистхэр щIэх-щIэхыурэ хьэщIэхэм я гъуэм пэгъунэгъу хъурт икIи, Iэмал зэрагъуэту, ар хагъэщIэну хущIэкъурт.

«Краснодар-3»-м и къэру псори зыхъумэжыныгъэм тригъэкIуадэрт. АрщхьэкIэ ар къызэрехъулIэ щIагъуэ щыIэтэкъым. Налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр хьэщIэхэм нэхъыбэм къызэрызэтрагъэувыIэфыр футбол хабзэр къызэпаудут. Апхуэдэхэм ящыщ зым, етIуанэу судьям дагъуэ къыщыхуищIри, Коломийцевыр джэгум къыхахуащ.

ЗэIущIэр иухыным къэнэжа дакъикъэ тIощIыр нэхъ хьэлъэж ящыхъуащ зы футболист зыхэщIа краснодардэсхэм. КъызэрытекIуэ бжыгъэм храмыгъэгъэхъуэн папщIэ абыхэм ялъэкI къагъэнакъым, ауэ ар яхузэфIэкIакъым: 80-нэ дакъикъэм Бацэ Къантемыр хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIри, Iуэхур 2:0-м нигъэсащ.

АдэкIэ къикIуэт зимыIэ «Краснодар-3»-р хущIэкъуащ зы топ нэхъ мыхъуми Налшык щыдигъэкIыну. Ар къехъулIэнми зымащIэщ иIэжар, ауэ ди гъуащхьэтет Щоджэн Борис «Спартак-Налшыкыр» къригъэлыну хузэфIэкIащ.

ЗыIэрагъэхьа текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ налшыкдэсхэр турнир таблицэм щыдэкIуэтеящ. Абы бжыпэр щиIыгъщ пэщIэдзэ джэгугъуиплIми щытекIуа Мейкъуапэ и «Дружба»-м. Иужьу Адыгейм и футболистхэм хагъэщIащ Черкесск и «Интер»-р.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ зэхэта зи чэзу джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Урожай**» (Краснодар) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1**:**2**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Интер**» (Черкесск) - **2**:**1**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1**:**2**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **2**:**2**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **0**:**3**, «**СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2**:**1**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэ къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр шыщхьэуIум и 16-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Астрахань къалэм щыдэджэгунущ зэпеуэм етIуанэ увыпIэр щызыIыгъ щIыпIэ «Волгарь»-м.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Дружба»** | **4** | **4** | **0** | **0** | **6-2** | **12** |
| 2. «Волгарь» | 4 | 3 | 1 | 0 | 7-1 | 10 |
| 3. «Динамо-Ставрополь» | 4 | 3 | 0 | 1 | 8-3 | 9 |
| 4. **«Спартак-Налшык»** | **4** | **2** | **2** | **0** | **8-4** | **8** |
| 5. «Краснодар-3» | 4 | 2 | 1 | 1 | 7-5 | 7 |
| 6. «Мэхъэчкъалэ» | 4 | 2 | 1 | 1 | 3-1 | 7 |
| 7. СКА | 4 | 2 | 0 | 2 | 4-4 | 6 |
| 8. «Черноморец» | 4 | 1 | 2 | 1 | 4-4 | 5 |
| 9. «Биолог-Новокубанск» | 4 | 0 | 4 | 0 | 2-2 | 4 |
| 10. «Интер» | 4 | 1 | 1 | 2 | 3-6 | 4 |
| 11. «Легион Динамо» | 4 | 1 | 1 | 2 | 3-8 | 4 |
| 12. «Анжи» | 4 | 0 | 3 | 1 | 5-6 | 3 |
| 13. «Алания» | 4 | 1 | 0 | 3 | 5-8 | 3 |
| 14. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 4 | 0 | 2 | 2 | 2-4 | 2 |
| 15. «Спартак-Владикавказ» | 4 | 0 | 1 | 3 | 2-6 | 1 |
| 16. **«Урожай»** | **4** | **0** | **1** | **3** | **2-7** | **1** |



● Алыдж-урым бэнэкIэ

# Кабалоев Виталий Германием щытокIуэ

**Дортмунд къалэм мы махуэхэм щекIуэкIащ «Германием и Гран-при» алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Ди щIалэхэм абы медаль лIэужьыгъуэ псори къыщахьащ.**

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 55-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щиубыдащ Кабалоев Виталий. ЗэIущIиплI иригъэкIуэкIати, и хьэрхуэрэгъухэм абы зы Iэмали яритакъым.

Дыжьын медалыр зыIэригъэхьащ Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ. Зи хьэлъагъыр килограмм 87-м нэблагъэхэм я кIэух зэIущIэм ар къыщыхигъэщIащ Комаров Алек-сандр.

Килограмм 67-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпэщIэтыныгъэм и финал цIыкIум Мэжэрым щыщ Кражнай Мате щефIэкIащ Кабалоев Заур икIи ди лъахэгъум жэз медалыр къихьащ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**




● Шабзэ

# Псоми медалхэр къахь

**Волгоград къалэм щекIуэкIащ шабзэкIэ нэщанэ еуэнымкIэ япэ чемпионат зэIухарэ зэхьэзэхуэрэ. Абы хэтащ Краснодар крайм, Ростов, Астрахань областхэм, Къалмыкъ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Волгоград къалэм щыщ спортсменхэр.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ икIа спортсмен псоми медаль зэмылIэужьыгъуэхэр зыIэрагъэхьауэ къекIуэлIэжащ. Щызэпеуа лIэужьыгъуэхэм елъытауэ хъыджэбз цIыкIухэм я деж япэ увыпIэхэр щаубыдащ Щоджэн Салимэ, Пышная Анастасие, Кулюшинэ Наталье сымэ. Соколовэ Янэ етIуанэ хъуащ. ЩIалэ цIыкIухэм я зэпеуэм дыщэ медалыр къыщихьащ Пащты Аслъэн. Дыжьыныр къылъысащ Тимченкэ Максим.

Зи узыншагъэм сэкъат иIэ спортсменхэм я зэхьэзэхуэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Мэрем Ислъамрэ КIыщ Ахьмэдрэ.

Гуп зэпеуэми пашэныгъэр щызыубыдар Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэрщ. «Шабзауэ нэхъ Iэзэ» лIэужьыгъуэмкIэ саугъэт щхьэхуэр къыхуагъэфэщащ Кулюшинэ Янэ.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ медалхэр, грамотэхэр, кубокхэр яритащ атлетикэ псынщIэмкIэ Олимп чемпион, зыбжанэрэ дуней псом бжьыпэр щызыубыда, Волгоград областым ШабзэкIэ нэщанэ еуэнымкIэ и федерацэм и президент Лебедевэ Татьянэ.

Ди спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Кулюшинхэ Александррэ Натальерэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# ХэкIуэдахэм я сабийхэм гулъытэ хуащI

● Гуапагъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэр яхуэзащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я сабийхэм.**

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм ирагъэблэгъащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я бынхэр икIи абыхэм гуапэу яIущIащ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр. Ар ирагъэкIуэкIащ «Помоги пойти учиться» урысейпсо Iуэхум хыхьэу.

Сабийхэм ялъэгъуащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я фэеплъу Управленэм и и пэIущIэ пэшым щагъэувар.

Гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу ныбжьыщIэхэм иратащ школым папщIэ яIэн хуей хьэпшыпхэм ящыщ.

Наркополицейхэм хьэщIэхэм жраIащ узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, гуфIэгъуэкIэ гъэнщIа Iуэху я куэдыну зэрагуапэр, къыхагъэщащ хэкIуэда я лэжьэгъухэр ящымыгъупщэу ягу зэрилъынур.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***





**Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм къелъыхъуэ хъыбарыншэу кIуэда Самохвал Екатеринэ Николай и пхъур, 2001 гъэм къалъхуар. 2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 18 ар щIэкIащ**

# Къалъыхъуэ!

**Прохладнэ къалэм дэт и унэм икIи къигъэзэжакъым.**

*И теплъэр:* см 170 и лъагагъщ, курыту зыIэщIэлъщ, щхьэц фIыцIафэ сырыхущ, и плIэм нэсу, нагъуэщ.

*Щыгъар:* джинс щIыху, щхьэфIэкъуэ зиIэ футболкэ фIыцIэ, инджылызыбзэкIэ зыгуэрхэр тетхауэ, хьэфэм къыхэщIыкIа лъапэрыт щIыху.

Самохвал Екатеринэ Николай и пхъур здэщыIэр къэхутэнымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (886631) 7-58-02, 7-67-02, 02 е полицэм и къудамэ нэхъ фпэгъунэгъум зыхуэвгъэзэну.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарегъащIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ (1, 2-нэ нап.), Инэрокъуэ Азэмэт (3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.064 ● Заказ №728